


**Prezidan  
Dieter F. Uchtdorf**

Dezyèm Konseye nan  
Premye Prezidans lan



# Papa nou, Gid nou

**È**ske nou pa janm ouvri yon bwat ki gen pyès yon bagay pou monte, nou rale enstriksyon pou fè montaj la epi nou panse, “Sa pa gen sans ditou?”

Pafwa, malgre pi bon entansyon nou ak konfyans nou genyen nan tèt nou, nou rale yon pati epi nou mande: “Poukisa sa a ye?” oubyen “Kijan sa a antre nan montaj la?”

Kontraryete nou ogmante lè nou gade nan bwat la epi nou wè yon avètisman ki di: “Ou dwe monte pyès yo ansanm—pou moun ki gen omwen uitan.” Paske nou poko janm gen yon ide sou fason nou pral fè sa a, fraz sa a pa ranfòse konfyans nou ni amoupwòp nou.

Pafwa nou fè menm kalite eksperyans la avèk levanjil la tou. Lè n ap gade kèk pati ladan l, nou gen dwa grate tèt nou epi mande poukisa pati sa a ye. Oubyen, lè nou egzamine yon lòt pati, nou gen dwa reyalize menm apre nou fin eseye pou n konprann nèt, nou jis pa ka detèmine poukisa yo te mete pati sa a ladan.

## **Pè Selès la se Gid nou**

Erezman, Li ba nou bon jan enstriksyon pou konstwi lavi nou e vin pi bon moun ki posib. Enstriksyon sa yo mache kèlkeswa laj nou ak sitistasyon nou. Li ba nou levanjil la ak Legliz Jezikri a. Li ba nou plan redanmsyon an, plan sali a, ki se plan bonè a. Li pa kite nou poukont nou nan mitan tout ensètitud oswa pwoblèm lavi yo, pou l jis di “Men yo. Bòn chans. Debwouye nou.”

Si nou sèlman gen pasyans epi nou gade avèk yon kè enb ak yon espri dispoze, n ap wè Bondye ba nou anpil

zouti pou nou ka pi byen konprann pil enstriksyon Li ba nou yo pou nou ka jwenn bonè nan lavi a:

- Li ba nou don enkonparab Sentespri a, ki gen potansyalitye pou l se gid selès pèsonèl nou pandan n ap etidye pawòl Bondye a epi eseye mete panse nou ak aksyon nou an amoni avèk pawòl Li a.
- Li ba nou aksè pou nou jwenn Li nenpòt lè, atravè priyè lafwa ak siplikasyon nan bon entansyon.
- Li ba nou pwofèt ak apot modèn, ki revele pawòl Bondye a nan epòk nou an epi ki gen otorite pou liye oubyen sele sou tè a ak nan syèl la.
- Li ba nou Legliz retabli L la—yon òganizasyon kwayan k ap travay ansanm pou youn ede lòt pandan y ap travay pou sali yo avèk krent, ak tranbleman ak lajwa san parèy.<sup>1</sup>
- Li ba nou ekriti sakre yo—pawòl Li ki ekri pou nou.
- Li ba nou yon kantite zouti teknoloji modèn pou ede nou mache sou chemen disip la. N ap jwenn anpil nan enstriman ekstraòdinè sa yo nan LDS.org.

Poukisa Pè Selès la ba nou si tèlman èd konsa? Paske Li renmen nou. Epi paske, jan Li di apwopo tèt Li: “Gade, sa a se travay mwen ak laglwa mwen—pou m reyalize imòtalitye ak lavi etènèl lòm.”<sup>2</sup>

Otremandi, Pè Selès la se Bondye nou, epi Bondye se yon gid pou nou.

Papa nou ki nan Syèl la konnen bezwen pitit li yo pi byen pase tout lòt moun. Travay li ak lagwa li se pou ede





Lafwa, Fanmi, Sekou

# Òdonans ak Alyans Tanp

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Kijan konpreyansyon sou "Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan" kapab ogmante lafwa nou nan Bondye e beni moun n ap veje sou yo atravè vizit nan fwaye yo? Pou plis enfòmasyon, ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org).*

Tout òdonans ki nesèsè pou sali ak egzaltasyon yo akonpaye pa alyans nou fè avèk Bondye. Linda K. Burton, Prezidan Jeneral Sosyete Sekou a di: "Fè alyans ak kenbe alyans vledi nou chwazi pou liye tèt nou avèk Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri."<sup>1</sup>

Èldè Neil L. Andersen nan Kolèj Douz Apòt yo di: "Senyè a di: Pouvw a divinite a manifeste . . . nan òdonans yo."

"Yo se benediksyon espesyal Bondye bay chak moun diy ki bati-ze, ki resevwa Sentespri a, e ki pran Sentsèn nan regilyèman."<sup>2</sup>

Èldè M. Russel Ballard nan Kolèj Douz Apòt yo di: "Lè gason yo ak fi yo ale nan tanp, yo toulède dote avèk menm pouvw a, ki se pouvw prètriz la . . .

". . . Tout gason ak tout fi gen aksè nan pouvw sa a pou ede yo nan lavi yo. Tout moun ki fè alyans sakre avèk Senyè a epi ki onore alyans sa yo elijib pou yo resevwa revelasyon pèsònèl, pou yo gen

benediksyon ministè zanj yo, pou yo kominike avèk Bondye, pou yo resevwa plenitud levanjil la, epi finalman, pou yo vin eritye ansanm avèk Jezikri nan tout sa Papa a genyen."<sup>3</sup>

## Ekriti anplis

1Nefi 14:14; Doktrin ak Alyans 25:13; 97:8; 109:22

## Istwa Vivan

Nan 2007, kat jou apre yon gwo tranbleman tè nan Pewou, Èldè Marcus B. Nash nan Swasanndis yo te rankontre prezidan Wenceslao Conde ak madanm li, Pamela. Èldè Nash te mande Sè Conde kijan ti pitit li yo te ye. Avèk yon souri, li te reponn gras ak Bondye, yo tout te byen e an sekirite. Li te mande kijan kay Conde yo te ye.

Sè Conde te reponn senpleman: "Kay la ale."

Èldè Nash di: ". . . 'Epi, w ap souri pandan w ap di sa a."

Li te reponn: "Wi, Mwen te priye epi mwen anpè. Nou gen tout sa

nou bezwen. Nou youn gen lòt, nou gen pitit nou yo, nou te sele nan tanp, nou gen Legliz mèveye sa a, epi nou gen Senyè a. Nou ka bati ankò, avèk èd Senyè a." . . .

"Kisa ki genyen nan fè ak kenbe alyans avèk Bondye ki ba nou pouvw pou nou souri atravè eprèv yo, pou nou fè tribilasyon vin tounen triyonf konsa . . . ?"

"Sous la se Bondye. Aksè nou nan pouvw sa a se atravè alyans nou fè avèk Li yo."<sup>4</sup>

## NÒT

1. Linda K. Burton, "The Power, Joy, and Love of Covenant Keeping," *Liahona*, Nov. 2013, 111. Nov. 2013, 111.
2. Neil L. Andersen, "Power in the Priesthood," *Liahona*, Nov. 2013, 92.
3. M. Russell Ballard, "Men and Women in the Work of the Lord," *Liahona*, Avr. 2014, 48-49.
4. Gade D. Todd Christofferson, "The Power of Covenants," *Liahona*, Me 2009, 19 20 21.

## Konsidere Sa a

Kijan òdonans ak alyans tanp yo fòtifye nou ak ranfòse nou?